**Ana tili hám ádebiyatı (qaraqalpaq tili hám ádebiyatı) hám basqa da tálim baǵdarları**
**1-kurs**
**«Qaraqalpaq tiliniń tarawlarda qollanılıwı» páni juwmaqlawshı qadaǵalaw sorawları**

1. *roman, rota, ruda, ruxsat, ruxlanıw* sıyaqlı sózlerden birinshi buwınında erinlik sesler kelgenlikten sózdiń basına *u* sesi qosılıp, *uroman, urota* t.b. túrinde aytıladı. Bul qaysı seslik qubılıs?
2. Sózdiń eń kishi leksikalıq máni bildiriwshi bólegi ne dep ataladı?
3.Qaysı háripler jazıwda teń dárejede qollanılmaydı?
4.Sózlerdiń hám ondaǵı dawıslı hám dawıssız seslerdiń, túbir hám qosımtalardıń, mánili hám kómekshi sózlerdiń, qospa sózlerdiń bir qıylı durıs jazılıw qádeleriniń jıynaǵı ne dep ataladı?
5.Durıs jazıw ushın orfografiyalıq qaǵıydalardı dúzgende qaysı negizlerge tiykarlanadı?
6.Qaraqalpaq tiliniń orfografiyasında qaysı princip ( negiz) baslı orındı iyeleydi?
7.Qaysı sózlerdiń barlıq túrleri defis penen jazıladı?
8.Sózlerdiń esitiliwine qarap emes, al túbir hám qosımtalardıń dáslepki pútinliginiń saqlanıp jazılıwı qaysı princip (negiz) boladı?
9.Aqırı *q, k, p* dawıssızlarına pitken sózlerge dawıslı seslerden baslanǵan qosımtalar jalǵanǵanda, olar qanday seslerge ózgeredi?
10.Tilimizdegi sózlerdi hám sóz dizbeklerin durıs aytıw qádeleriniń jıynaǵı ne dep ataladı?
11. Ne sebep ayırım sózler aytılıwı boyınsha jazılmaydı?
12.Ayırım fonetikalıq jaǵdaylarda seslerdiń artikulyaciyalıq jaqtan ádettegisinen qısqa hám hálsirep aytılıwı qanday qubılıs delinedi?
13. tın-tınısh, qıs-qıslaw, bir-biri, tún-túnek, is-tis-tisi, iz-biz-bizi, ıq-tıq sózlerinde qaysı qubılıs ushırasadı?
14.Xalıq, awız, murın, qarın, kewil, qáyin /xalqı, awzı, murnı, qarnı, kewli qáynim sózlerinde qaysı fonetikalıq qubılıs bar?
*15. qarat, sarat, baraladı, kelaladı, altay, ekqollap, user, oyaq, sogúni / qara at, sarı at, bara aladı, kele aladı, altı ay, eki qollap, usı jerde, ol jaq, bul jaq, sol kúni* sózlerinde qanday fonetikalıq qubılıs bar?
16. *plan, plenum, tramvay, traktor, krovat, gruppa, brus, klub, byudjet* sıyaqlı sózler *pılan, pılenum, tıramvay, tıraktor, kıravat, guruppa, burus, kulub, byuydjet* túrinde qaysı qubılısqa tiykarlanıp dawıslı menen aytıladı?
17. Qaysı qubılıs boyınsha sózdiń basında dawıssız sestiń aldına dawıslı ses qosılıp aytıladı?
18. Kópshilik jaǵdayda qabatlasıp kelgen eki dawıssızǵa tamamlanǵan orıs tilinen kirgen sózlerdiń aqırına dawıslı ses qosılıp aytıladı: *blank, bank, kiosk, tank, disk usaǵan sózler blanka, banka, kioska, tanka, diska* túrinde yamasa *blanki, tanki, tanki, diski* túrinde olardıń sońına dawıslı ses qosılıwı arqalı aytıladı. Bul qaysı seslik qubılıs?

19.Sózdiń qurılısındaǵı geypara seslerdiń orın almasıp aytılıwı til biliminde qanday qubılıs delinedi?
20. *tamǵa-tańba, jamǵır-jańbır* sózlerindegi seslerdiń almasıwı qanday qubılıs boladı?
21.Qanday sózlerdi ótkermelewge bolmaydı?
22. Qaysı háripler ózleriniń jasalıw ornına qaray, tártip sanı (numeraciya) reinde qollanıla beredi?
23.Qospa feyillerdiń sıńarları qalay jazıladı?
24.Durıs jazıw qaǵıydalarınıń jıynaǵı ne delinedi?
25. Belgili bir aralıq yamasa jıynaqlawshı jup mánisinde kelgen menshikli qospa atlıqlar qalay jazıladı?
26. Qaysı princip (negiz) boyınsha sesler qalay esitilse, solay jazıladı?
27.Házirgi qaraqalpaq tilinde fonetikalıq jaqtan da jazılıwın dálillewge bolamaytuǵın, jazıwda burınnan dástúrge aylanǵanı boyınsha jazılatuǵın ayırım sózler bar. Bulardı qaysı princip (negiz) tiykarında jazılǵan sózler deymiz?
28. Ne sebep ayırım sózler jazalıwı boyınsha oqılmaydı?
29.Dawıslı sesler qaysı buwınlarda kelgende kóbirek redukciyaǵa ushıraydı?
30.Ayırım fonetikalıq jaǵdaylarda seslerdiń túsip qalıw qubılısı ne delinedi?
31. *balalar, qarıydar, alǵan, kelgen, salǵan, alıptı, salıptı, kelipti, qalıptı/ ballar, qardar, aǵan, saǵan, kegen, aptı, saptı, kepti, qaptı* sózlerde qanday seslik qubılıs bar?
32.Sózdiń basında eki dawıssızdıń aralıǵına dawıslılar únlesligine sáykes qısıq *ı, i, u, ú* sesleriniń birewiniń qosılıp aytılıwı qanday qubılıs delinedi?
33. metr, litr, shifr, kitl/ metir, litir, shiyfir, kiytil túrinde aytılıwı qaysı seslik qubılısqa tiykarlanadı?
34. *ray, ras, ret, reń, ráhát, ráwshan* t.b. sıyaqlı sózler *ıray, ıras, iret, ireń, iráhát, ırawshan* túrinde aldıńǵı buwınnıń juwan-jińishkeligine qaray juwan *ı* yamasa jińishke *i* dawıslısı qosılıp aytıladı. Bul qaysı seslik qubılıs?
35.Orıs tilinen hám orıs tili arqalı basqa tillerden kirgen *radio, raketa, reforma* t.b. kóp ǵana sózler *ıradio, ıraketa, ıreforma* túrinde sóz basında dawıslı sestiń qosılıwı arqalı aytıladı. Bul qaysı seslik qubılıs?
36.Sózdiń aqırına ayırım seslerdiń qosılıp aytılıwı qanday qubılıs delinedi?
37.*Omsk, Minsk, Kursk* sıyaqlı sózlerdiń *Omskiy, Kurskiy, Minskiy* túrinde aytılıwı qaysı qubılısqa tán?
38. *qıylanıw-qıynalıw, aylanıw-aynalıw, awhal-ahwal, ókpe-ópke, saqpan-sapqan, qaqpan-qapqan, kepkir-kekpir, túpkir-túkpir, sebgir-segbir* sózlerindegi seslerdiń almasıwı qanday qubılıs boladı?
39. P sesine pitken geypara feyil sózlerge ip-ıp qosımtası jalǵanǵanda, p sesi qanday seske ózgeredi?
40. Aqırı *s, z* seslerine pitken sózlerge *sh* sesinen baslanǵan qosımtalar jalǵanǵanda, qalay jazıladı?
*41.Metall, kilogramm, kilovatt, klass, kongress* sıyaqlı ózlestirme sózlerdiń túbirleri qosımtalar qosılǵanda qáytip jazıladı?
42. Qanday sózler defis penen jazıladı?

43. *Hár, hesh, bir, gey, hámme, qaysı* sıyaqlı sózler atlıq sózler menen dizbeklesip kelgende, qalay jazıladı?

44.Túbiri n sesine pitken sózlerge b sesinen baslanǵan ekinshi bir sóz yamasa qosımtalar qosılǵanda, olar qalay jazıladı?

45. Qaysı hárip túpkilikli sózlerdiń barlıq orınlarında ushırasadı hám jazıladı?

46.Dawıslılardıń redukciyaǵa ushırawına qanday jaǵdaylar sebepshi boladı?

47.*tıs, tis, tus, tús* degen sózlerde *t* bir fonema dep tanılǵanı menen aytılıwı hám esitiliwi jaǵınan neshe túrli reńkke iye bolıp tur?

48.Bir neshe sózden quralıp bir uǵımdı ya bir zattıń atın bildiretuǵın qospa sózlerdiń bólekleri óz mánilerin tolıq joǵatpaǵan bolsa, onday birikpegen sózler qalay jazıladı?

49.Qospa sózler qalay qısqartıladı?

50. *Xalıq, orın, erik, kórik, qarın, awız, murın* t.b. sıyaqlı túbir sózlerge qaysı qosımtalar jalǵanǵanda, túbirdegi qısıq dawıslı ı, i háripleri túsip qalıp jazıladı?